

MEMORANNDÒM AKÒ

SENDIKA TRANSDEV SERVICES INC.

ak

UNITED STEELWORKERS LOCAL 8751

(Nouvo negosyasyon [siksesè] 2024)

TRANSDEV SERVICES, INC. (« Konpayi an ») ak UNITED STEELWORKERS LOKAL 8751 (« Sendika a »), selon dokiman sa a, dakò jodi a, 13yèm jou mwa novanm, 2024, avèk yon kontra kat (4) lane k ap an vigè apati 1ye jiyè, 2024, jiska 30 jen, 2028. Tèm ak kondisyon kontra avan an ap kontinye nan nouvo negosyasyon kolektif akò a, eksepte jan sa modifye nan pati anba a nan memorandòm sa a.

Anèks « A » - Salè Pati yo dakò sou ogmantasyon salè suivan yo :

- Ajisteman mache a pou to rapò regilye yo :
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2024 : 33,00\$ pa è (retwoaktif, sètadi : pou tan pase).
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2025 : 34,00\$ pa è.
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2026 : 35,00\$ pa è.
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2027 : 35,38\$ pa è.
- Ajisteman mache a pou To Kontra (Charter) :
 - o An vigè apati **1ye** jiyè, 2024 : 22,60\$ pa è (retwoaktif, sètadi : pou tan pase).
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2025 : 23,60\$ pa è.
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2026 : 24,60\$ pa è.
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2027 : 24,98\$ pa è.

Anèks « 8 » - Plizyè Benefis Pati yo dakò avèk chanjman suivan yo anba anèks la :

- An vigè apati, 1ye jiyè, 2024, egzijans elijibilite ane sèvis pou divès benefis retrèt (ki gen ladan l endemnité retrèt, Medigap, asirans vi, asirans dantè, ak asirans vizyon) ap redui de trant (30) desann a vennsenk (25) ane sèvis.
- Endemnité retrèt la pral ogmante an akò avèk deklarasyon suivan yo :
 - o An vigè apati **1ye** jiyè, 2024 - Ogmante jiska 1.200\$ pou chak ane sèvis (retwoaktif, sètadi : pou tan pase).
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2025 - Ogmante a 1.300\$ pou chak ane sèvis.
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2026 - Ogmante a 1.400\$ pou chak ane sèvis.
 - o An vigè apati 1ye jiyè, 2027 - Ogmante a 1.500\$ pou chak ane sèvis.

Anèks « C » - Memorandòm Konpreyansyon Amande Seksyon A a nan « Memorandòm ki konsène minimòm Tranteyen (31) èdtan chak semèn nan :

- Ranplase referans lan a yon « minimòm trantheyen (31) èdtan » avèk yon « minimòm trannsenk (35) èdtan », an vigè apati 1ye jiyè, 2025, sou adopsyon langaj pati yo konsènan « travay selon direksyon ki bay yo » avèk divès pwoteksyon travay.

Dat antretyen : Nou pral mete ajou dat antretyen yo nan CBA a (Akò Negosyasyon Kolektif la).

Pou Sèvis Transdev, Inc.

James Folk
Jesyonè Jeneral _____
Dat la :

Pou United Steelworkers Lokal 8751


Emmanuel Marcellus
Prezidan

Dat la : _ _ _ _ _